


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode anu dipaké dina panalungtikan nya éta métode kualitatif kalawan ngagunakeun pamarekan déskriptif. Tujuan panalungtikan déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fénoména-fénoména nu aya, boh nu sifatna alami boh rékaan (Sukmadinata, 2015, kc. 72).

3.1. Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 22-23), desain panalungtikan mangrupa proses anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Ieu panalungtikan miboga desain pikeun tatapakan panalungtik ti mimiti prosés ngumpulkeun data nepi ka ngolah data. Gambaran léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun ébréh dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*



Nyieun

3.2. Sumber Data Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 172) nétélakeun yén nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana asalna éta data. Sumber data primér dina ieu panalungtikan nyaéta naskah “Wawacan Babad Salira” nu aya di Désa Cilimus, Kacamatan Situraja, Kabupatén Sumedang. Ieu naskah ditulis dina basa Sunda kalawan ngagunakeun aksara Pégon, kandelna 81 kaca. Jenis kertas nu dipaké nyaéta kertas lécés. Naskah “Wawacan Babad Salira” mangrupa naskah koléksi pribadi Uwa Pardi anu diwariskeun sacara turun-tumurun. Eusi “Wawacan Babad Salira” mangrupa autobiografi, lain nyaritakeun lalakon.

3.3. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku sababaraha cara, nya éta ngaliwatan téhnik wawancara, téhnik studi pustaka, jeung téhnik dokumentasi. Wawancara (*interview*) mangrupa salah sahiji téhnik ngumpulkeun data anu réa dipaké dina panalungtikan déskriptif kualitatif jeung déskriptif kuantitatif (Sukmadinata, 2015: 216). Wawancara dilaksanakeun boh sacara langsung boh sacara teu langsung jeung informan anu jadi sumber datana. Studi pustaka nya éta cara pikeun ngumpulkeun bahan panalungtikan nu mangrupa buku atawa jurnal anu rélevan jeung fokus kajian (Satori & Komariah, 2009, kc. 152). Sedengkeun dokumentasi nyaéta pikeun ngumpulkeun dokumén jeung data-data nu diperlukeun dina pasualan panalungtikan, tuluy ditalaah sacara inténs sangkan bisa ngarjong panalungtikan (Satori & Komariah, 2009, kc. 149).

Téhnik wawancara diperlukeun pikeun maluruh raratan naskah ti nu boga naskah. Téhnik studi pustaka dipaké pikeun néangan sumber-sumber tiori pikeun kabutuhan référénsi (tiori filologi, purwakanti, wawacan, jeung ajén kaagamaan). Sedengkeun tiori dokumentasi dipaké

Anisa Yunidawati, 2018
*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,
 JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

pikeun maluruh wanda purwakanti jeung ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina naskah “Wawacan Babad Salira”.

Sacara gurat badag, léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) néangan raratan naskah “Wawacan Babad Salira”;
- 2) transliterasi naskah “Wawacan Babad Salira” kana aksara Latén;
- 3) nyirian purwakanti dina naskah “Wawacan Babad Salira”;
- 4) nyalin data purwakanti nu kapaluruh kana kartu data;
- 5) nyirian ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Babad Salira”.

3.3.2. Téhnik Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, tuluy diolah ngaliwatan téhnik analisis sacara langsung kana purwakanti jeung ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina naskah. Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngadékrisikeun naskah “Wawacan Babad Salira”;
- 2) nyusun transliterasi naskah;
- 3) mariksa deui purwakanti nu kapaluruh tuluy méré kode kana unggal data;
- 4) nyalin data nu geus dikodean kana tabulasi data;
- 5) nyieun papasingan purwakanti;
- 6) ngadéksripsikeun struktur basa pangwangun purwakanti; jeung
- 7) nganalisis ajén kaagamaan dina naskah.

3.4. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan miboga fungsi pikeun ngarojong panalungtik sangkan bisa nyangking informasi anu dibutuhkeun. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203), instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih babari jeung bisa nyangking hasil nu hadé, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka babari diolah. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara pikeun maluruh raratan naskah “Wawacan Babad Salira”. Ogé kartu data pikeun nataan purwakanti nu aya dina éta naskah dumasar kana wanda purwakanti.

3.4.1. Pedoman Wawancara Anisa Yunidawati, 2018

*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Dina ngalaksanakeun kagiatan wawancara, diperlukeun pedoman sangkan informasi nu kacangking luyu jeung kabutuhan panalungtik.

Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- | | | |
|-----|------------------------------------|---|
| 1. | Judul Naskah | |
| | a. Dina Naskah | : |
| | b. Ceuk nu Boga Naskah | : |
| 2. | Nu Nyalin Naskah | |
| | a. Ngaran | : |
| | b. Umur | : |
| | c. Padumukan | : |
| 3. | Nu Boga Naskah | |
| | a. Ngaran | : |
| | b. Umur | : |
| | c. Pakasaban | : |
| | d. Padumukan | : |
| 4. | Asal-usul Naskah | : |
| 5. | Fungsi Naskah | |
| | a. Baheula | : |
| | b. Ayeuna | : |
| 6. | Ukuran Naskah | : |
| 7. | Ruang Tulis | : |
| 8. | Kaayaan Naskah | : |
| 9. | Jumlah Kaca | : |
| 10. | Jumlah Baris Unggal Kaca | : |
| 11. | Basa | : |
| 12. | Aksara | : |
| 13. | Ukuran Aksara | : |
| 14. | Wangun Aksara | : |
| 15. | Alat Tulis | |
| | a. Jenis Alat Tulis | : |
| | b. Warna Mangsi | : |
| | c. Warna Kertas | : |
| | d. Jenis Kertas | : |
| | e. Cap kertas (<i>watermark</i>) | : |

3.4.2. Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data purwakanti jeung wandana dina naskah “Wawacan Babad Salira”. Oge pikeun nyirian ajén kaagamaan nu kapaluruh. Eusi kartu data ngeunaan purwakanti ngawengku sababaraha komponén saperti ieu di handap.

- 1) Data kalimah, nyaéta kecap, frasa, klausa, atawa kalimah nu ngandung purwakanti dina Naskah Wawacan Babad Salira (NWBS).
- 2) Kode sumber data, bisa mangrupa angka, kalimat pondok atawa panjang nu fungsina pikeun mantuan panalungtik dina nganalisis data sangkan leuwih babari. Kode data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta “NWBS/1/1/1/1A”, hartina Naskah Wawacan Babad Salira / pupuh ka- / kaca ka- / pada ka- / urutan data ka-.
- 3) Kode papasingan wanda purwakanti, A: purwakanti pangluyu; B: purwakanti maduswara; C: purwakanti cakraswara; D: purwakanti laraspurwa; E: purwakanti larasmdya; F: purwakanti laraswekas; G: purwakanti mindoan kawit; H: purwakanti mindoan wekas; I: purwakanti margaluyu; jeung J: purwakanti rangkepan (aya purwakanti nu leuwih ti hiji).
- 4) Wanda, nyoko kana papasingan purwakanti dumasar tiori Salmun.

Anisa Yunidawati, 2018

*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

- 5) Déskripsi, nyaéta ngadéskripsikeun struktur basa pangwangun purwakanti.

Gambar 3.1
Conto Kartu Data Purwakanti

Sabada nataan purwakanti dina kartu data, tuluy dipindahkeun kana tabél data kalawan formatna saperti ieu di handap.

Conto Tabél Data

Tabél 3.1

1.	Kalimah	://taya lian pisan nu kalintang, genténg-genténg ulah potong, ulah sok hésé ngalantung,,//1)
2.	Kode data	: NWBS/1/1/1/1F
3.	Wanda	: purwakanti laraswekas
4.	Déskripsi	: Konsonan “ng” dipindo di ahir unggal padalisan

No Urut	Purwakanti	Kode	Wanda	Déskripsi
---------	------------	------	-------	-----------

Anisa Yunidawati, 2018

NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI, JEUNG AJÉN KAAGAMAAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

001	<i>taya lian pisan nu kalintang, genténg-genténg ulah potong, ulah sok hésé ngalantung,</i>	NWBS/1/1/1/1F	Purwakanti Laraswekas	Konsonan “ng” dipindo di ahir unggal padalisan
-----	---	---------------	--------------------------	--

Kartu data nu dipaké pikeun nyirian ajén kaagamaan nu kapaluruh ngawengku sababaraha komponén saperti ieu di handap.

- 1) Data kalimah, nyaéta ungkara nu mibanda ajén kaagamaan dina Naskah Wawacan Babad Salira (NWBS).
- 2) Kode sumber data, bisa mangrupa angka, kalimat pondok atawa panjang nu fungsina pikeun mantuan panalungtik dina nganalisis data sangkan leuwih babari. Kode data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta “NWBS/1/1/1/1A”, hartina Naskah Wawacan Babad Salira / pupuh ka- / kaca ka- / pada ka- / urutan data ka-.
- 3) Kode ajén kaagamaan, A: akidah, B: syari’ah, jeung C: ahlak.
- 4) Wanda, nyoko kana ajén kaagamaan nu ngawengku akidah, syari’ah, jeung ahlak dumasar tiori Anshari.

Gambar 3.2
Conto Kartu Data Ajén Kaagamaan

- | | |
|--------------|---|
| 1. Kalimah | : <i>Hanteu daya teu upaya,
paya kurang taya mahi,
daya upaya mah Alloh,
dipilampah ku sim kuring,
kuring anu balawiri,
mahi ka dieu ka ditu,</i> |
| 2. Kode data | : NWBS/1/1/1/1A |
| 3. Wanda | : akidah |

Anisa Yunidawati, ZURU

**NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu